ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ЛІЗЫЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№248 (21.656) ● 2009 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 30, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Къуэблэ Е. Къ. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм физкультурэмрэ спортымкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр фІэщыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм дзюдом зыщІегъэжьы-ным куэд зэрыхищІыхьам папщІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм физкультурэмрэ спортымкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр фІэщын **Соблыр Андемыркъан Іэбу и къуэм** - Налшык къалэм и «Водоканал» унафэщІ компание» муниципальнэ предприятэ зэгуэтым и унафэщІым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭАрсен

Налшык къалэ
2009 гъэм дыгъэгъазэм и 25-м
№201-УП

Соблыр А. І. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цІыхухэм Іуэхутхьабзэ яхуэщІэнымкІэ и ІэнатІэм щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр фІэщыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм, и ІэщІагъэм зэрыхуэІэззэм папщІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цІыхухэм Іуэхутхьабзэ яхуэщІэнымкІэ и ІэнатІэм щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр фІэщын **Соблыр Андемыркъан Іэбу и къуэм**- Налшык къалэм и «Водоканал» унафэщІ компание» муниципальнэ предприятэ зэгуэтым и унафэщІым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭАрсен

Налшык къалэ
2009 гъэм дыгъэгъазэм и 25-м
№202-УП

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цІыхубэ артист» цІэ лъапІэр фІэщыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ я ІэнатІэм щаІэ фІыщІэм папщІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цІыхубэ артист» цІэ лъапІэр яфІэщын

Газаев Алим Мыхьмуд и къуэм - «Балкария» Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал фольклор-этнографие ансамблым и солистым-уэрэджы Іакіуэм

Сокъур Ольгэ Хьбалэ и пхъум - «Къэрал музыкэ театр» къэрал щэнхабзэ Іуэхущ Іапіэм и «Бжьамий» ансамблым и уэрэджы Іакіуэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭАрсен

Налшык къалэ
2009 гъэм дыгъэгъазэм и 25-м
№205-УП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал наградэхэр тыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Закон лъабжьэмрэ хабзэмрэ гъэбыдэныжкІэ ябгъэдэлъ фІыщІэм папщІэ икІи илъэс куэд лъандэрэ дагъуэншэу зэрылажьэм кьыхэкІыу

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щ1ыхь тхылъыр етын

Ажоев Ахъмэт Абдулхьэлим и къуэм - Шэрдэж муниципальнэ районым щыщ Къэщокъэтау къалэ жылагъуэм и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэм;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щ1ыхь зиІэ и дохутыр» цІэ лъапІэр фІэщын

Емуз Маринэ Сультан и пхъум - «Къалэ поликлиникэ №5» уэзнышагъэр хьумэныжкІэ муниципальнэ Іуэхущ Іапіэм и дохутыр нэхьыщхьэм.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкІэ щ1ыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр фІэщын

Чым Владимир Сэфарбий и къуэм - «Бэрбэч Хь. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» профессиональнэ щІэныгъэ нэхьыщхьэ щагъэгъуэт къэрал еджапІэм и инженер-техникэ факультетым ерыскьыпхьэхэр щагъэхьэзыр Іэнатіэхэм къыщагъэсэбэп машинэхэмрэ аппаратхэмкІэ и кафедрэм и доцентым,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цІыхухэм Іуэхутхьабзэ яхуэщІэнымкІэ и ІэнатІэм щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр фІэщын

Гертер Иван Константин и къуэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Прохладнэ муниципальнэ районым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭАрсен

Налшык къалэ
2009 гъэм дыгъэгъазэм и 25-м
№206-УП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал наградэхэр тыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Закон лъабжьэмрэ хабзэмрэ гъэбыдэныжкІэ ябгъэдэлъ фІыщІэм папщІэ икІи илъэс куэд лъандэрэ дагъуэншэу зэрылажьэм кьыхэкІыу

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щ1ыхь тхылъыр етын

Сэраъп Мурат Джабрэіил и къуэм - Урысей Федерацэм и прокуратурэм и деж Следствиемкіэ щыІэ комитетым Следствиемкіэ и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм следствиемкіэ и Аруан район зэхуаку Іэнатіэм и унафэщІым;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щ1ыхь зиІэ и юрист» цІэ лъапІэр фІэщын

Маргъущ Ларисэ Владимир и пхъум - Урысей Федерацэм и прокуратурэм и деж Следствиемкіэ щыІэ комитетым Следствиемкіэ и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІым и къуэдзэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2009 гъэм дыгъэгъазэм и 25-м
№207-УП

Зрум А. Хь. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм физкультурэмрэ спортымкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр фІэщыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Физкультурэмрэ спортымрэ зегъэужьыным куэд зэрыхищІыхьам папщІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм физкультурэмрэ спортымкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр фІэщын **Зрум Аскэр Хьэзрэіил и къуэм** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Спортымрэ туризмэмкІэ и министерствэм и «Къуэкіыпіэ щІыналъхэм я бэнэкІэмкІэ республикэ сабийныбжьыщІэ спорт школ» къэрал Іуэхущ Іапіэм и гъэсакІуэ-егъэджакІуэ нэхьыжьым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2009 гъэм дыгъэгъазэм и 25-м
№208-УП

Жамборэ Р. С. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и юрист» цІэ лъапІэр фІэщыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Илъэс куэд лъандэрэ зэрылажьэм икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законодательствэр пхыгъэкІыным езым и щхьэкІэ куэд зэрыхищІыхьам папщІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и юрист» цІэ лъапІэр фІэщын **Жамборэ Руслан Сультан и къуэм** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэрал мылъкур зехьэныжьэ щІы Іуэхуэзмкіэ и министрым и къуэдзэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2009 гъэм дыгъэгъазэм и 25-м
№209-УП

Бер М. Л. фІыщІэ хуэщІыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Унафэ

2009 гъэм дыгъэгъазэм и 25-м *№106-РП*

Илъэс куэдкІэ хьэлэлу зэрылажьам икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хьумэныжкІэ и Іэнатіэм зегъэужьыным къаруушуэ зэрырихьэлІам папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым кьыбгъэдэкІыу фІыщІэ хуэщІын **Бер Мухьэдин Лакъэ и къуэм**.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

● ГуфІэгъуэ зэхыхьэ

Зыужьыныгъэм хуэлажьэхэр

КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен дыгъуасэ КъБР-м и Правительствэм и Унэм къэрал дамыгъэ лъапІэхэр щаритыжащ Іэнатіэ зэхуэмыдэхэм пэрыт Іэщ Іагъэлі пашэхэм.

ЗЭІУЩІЭР кьущыхьэІуихым Къанокъуэ Арсен жиІащ, хабзэ зэрыхъуам тету, республикэм зегъэужьыным, цІыхухэм я псэукІэр етэфІэкІуэным псэемыблэжу хуэлажьэ цІыху щэджащэхэр зэрыязэхуишэсар.

- 2009 гъэм кьыдэхъулІар мащІэкъым, - жиІащ Президентым. - Абы папщІэ яхузэфІэкІ къамыгъанэу зи Іэнатіэ пэрытхэрщ нобэ ди хьэщІэхэр. Абыхэм я егугъуныгъэрщ 2009 гъэм иджырей производствэ зыбжанэ республикэм кьызэрыщызэІутхар, инвестицэ проект хъарзынэхэр дызэриІэр, ухуэныгъэщІэхэр зэрыщедгъэкІуэкІыр зи фІыгъэр. Финанс и лъэныкъуэкІэ зэманыр гугъуу щыта пэтми, зыхуэдгъэувыжа мурадхэр дгъэзащІэурэ докІуэ.

Блэкіа илъэсым Іэнатіэ псоми зыІэрагъэхьа екъулІэныгъэхэм убгъуауэ щытепсэлъыхьым, КъБР-ми Президентым кьыхигъэщащ абыхэм арэзы кьызэраущІыр, ауэ зэфІэгъэкІын хуейуэ кьапэщыт кьалэнэхэри зэрымымащІэр.

Къэралым, республикэм яфІ зыхэлъ Іуэхухэм жыдэжру пэрыт цІыху 63-м къэрал дамыгъэхэр, щІыхь тхылъхэр яритыжащ Президентым.

КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсенрэ ГуэбзщІыкІ Жантемыррэ.

ЩІыхь тхылъхэр яритыжащ Президентым.

ЩІыхь лъагэ къэзылэжьахэм ящыщу къэпсэльащ **Гуэбзщ Іыкі Жантемыр**. Абы жиІащ сыт хуэдэ псалъэмакъ къемыкІуэкІми, иужьрей илъэс зыбжанэм республикэм и социально-экономикэ псэукІэр зэрефІэкІуар, сымаджэщхэр, школхэр зэраухуар, Іуэхуфі куэд Президентым кьызэрыдэхъур. Абы папщІэ республикэм и Іэтащхьэм фІыщІэ хуищІри, кьрихьэжьэ сыт хуэдэ Іуэхури зэрыда Іыгъыр кьыхигъэщащ къэпсалъэм.

Къызэхъуэсахэм ехъулъуу, я лэжьыгъэм гулъытэ хэха къІызэрыхуищІам щхьэкІэ Президентым фІыщІэ хуащІу къэпсэльащ **Къалэ Владимир, Тупикин Андрей, Шагин Сергей, Щоджэн Хьызыр, Кулахметовэ Рушани, ХьэщІэлІ Суфян, Соттаевэ Жаннэ** сымэ, нэгъуэщІхэри.

ЗэІущІэм и кІэухым Президентым и хьэщІэхэм фэеплъ сурэт зытрагъэхащ, Илъэсыщ Іэ угъурлы техьэну хъуэхъуэхэщ.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.
Сурэтхэр **МАМИИ Руслан**
трихащ.

● Дыгъуасэ

ГуфІэгъуэкІэ къызэІуах

Дыгъуасэ Профсоюзхэм щэнхабзэмкІэ я унэм щагъуэвацсей щІэращІэм щ1ыкІуи нни кьеубжІат, щІэщыгъуэ гуэрым зэрыпэплъэр псоми я нэгум кьнщу.

ГУФІЭГЪУЭ зэІущІэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ Іи и къуэдзэ **Дыщэкі Мадинэ**, республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныныгъэмкІэ, егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министрэхэм я къуэдзэхэу **Амшокъуэ ФатІимэрэ Дорохинэ Лидмерэ**, КъБР-м и Профсоюзхэм я федерацэм и унафэщІым и къуэдзэ **Евтушенкэ Сергей** ведомствэ щхьэхуэхэм я лІыкІуэхэр.

Республикэ илъэсыщІэ псеим иращІэкІ гуфІэгъуэ зэхьэхьэр кьызэІутхащ Профсоюзхэм щэнхабзэмкІэ я унэм и режиссер **Гумэ Маринэ**. Кьызэхуэсахэм захуигъазэри, абы жиІащ илъэс псокІэ дызыпэплъэ махуэщхьэзыбжьэгъу щІыкІуэр зэрызэхишэсар икІи дызытехьэ гъэрКІыкІэрыгъуэкІэкІынур абы дызэрыпежьэм куэдкІэ епытауэ зэрыщытыр.

- Илъэсыщ Іэ дызытехьэр псоми угъурлыуэ кІыфэщІэкІыну, дэтхэнэми и хьэпсапІэхэр нахуапІэ хьыну сынывохьэхьу, - захуигъэзащ пшыхьым кьрихьэлІахэм Дыщэкі Мадинэ. - Ныбжьыщ Іэ щІыкІуэхэм еджаным екъулІэныгъэхэр щІывиІэну, адэ-анэхэм я бынхэм я гуфІэгъуэ куэд яІаГьуну си гуапэщ.

Апхуэдэу ДыщэкІ Мадинэ кьыхигъэщащ нобэрей псей дахэр КъБР-м и Президентым сабийхэм яхуищІ тыгъэу зэрыщытыр икІи республикэ Унафэщым, Парламентым, Правительствэм кьабгъэщІэ псалъэ гуапэхэмкІи захуигъэзащ.

Евтушенкэ Сергей сабийхэм екъулІэныгъэ илъэсыщІэм дэтхэнэми и гуращэр кьыхуэзэпищэну, гукъыдэжьымрэ дэрэжэгъуэмрэ я Іэпэгъуэ гъэр ирахьыну.

АдэкІэ цІыкІухэм кьахьыхащ Уае Дадэмрэ Уэс Гуащэмрэ, гъэр зей Кьаплъэныр, таурыхъым хэт лІыхьуэхэр. Абыхэм я гъусэу сабийхэр къэфащ, уэрэд жаІащ, кьуажэхьхэр кьащІащ, нужьым псоми Уае Дадэр саугъэтхэмкІэ яхуэупсащ.

Республикэ илъэсыщІэ псейм деж гуфІэгъуэ зэхьэхьэхэр щІышыпэм и 5-м нэсыху щІызэхтынущ.

ЩІХЬЭЩЭМЫЩІ Изэ.

● Хабзэ дахэ

МылъкукІэ ядэІэпыкъунущ

Илъэсыщ Іэм кьыщыщІэдзауэ ди республикэм щафІэнущ «Іу х уабгъэ» зыфІаща псапащІэ акцэр. Абы щытепсэлъыхьащ иджыблагъэ Налшык щекІуэкІа. «Ипщэ вагъуэ» зыфІаща сабий фестивалым.

ЦІыХУ мини 100-м нэс хэтыну зыхуагъэфащэ Іуэху дахэм и жэрдэмщІакІуэ хьуащ «М-Драйв» жылагъуэ зэгухьэныгъэмрэ «Урысей щІалэгъуалэм я жыдэжрагъыр» гупымрэ. Абыхэм я лІыкІуэхэм зэрыжаламкІэ, «Гуухабгъэ» акцэм хэтынущ республикэм и къэрал, жылагъуэ, уней Іуэхущ Іапіэхэр. Акцэр щекІуэкІынуц ди щІыналъэм и куей 13-м. Сабий ныкъуэдыкъуэхэмрэ адэ-анэ зыщхьэщымытыжхэмрэ защІэхьэкъуэным хуэгъэпса апхуэдэ зэхьэхьэхэм зыкьащІагъэльэгъуэнущ ди щІыпІэм и артист цІэрыІуэхэмрэ творческэ гуп щхьэхуэхэмрэ.

Иджырей псапащІэ акцэм кьыхьыхьну я гугъэщ Осетие Ищхьэрэ-Аланием щыщ щІалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэри. Іуэхум и кІэухыу ирагъэкІуэкІынущ «Лайв-стартэ», «Цхинвал-22» щІыналъэпсо щІалэгъуалэ фестивалхэр. Акцэм и фІыгъэкІэ мылькукІэ зыщІагъэкъуэну я мурадщ ныбжьыщІэ 1500-м щІигъум.

БЕЖАН Беслъэн.

Ноби пщэдей

Синоптикэм нэхьапм эрыкъаламгъэту. Москвауэ хьыщхуэ кІыщыгъ хуеящІ.

- Уэрамхэр зэпыІуэпыхьхэм жаІат зыкъом щІауэ зыпэплъэ кьэхъукъащІэм хуэхьэзыру, ауэ ахэр кьалэдэсхэм йолъІу я автомобилхэмкІэ, Іэмал иІэмэ, гьуэгу темыхьэну. Нобэрэ пщэдейрэ Москва псори зэхэту сантиметр 27-рэ зи Іуваръуэ кьыщесыну кьалытэ.

Европэм и нэгъуэщІ щІыпІэхэми уэсыщхуэ кьыщос. Украинэм и аэропорт нэхъ ин дыдэ Борисовэр зэхуащІын хуей хьуащ и чэзум уэсыр зэрамытхъуфам кьыхэкІыу.

Ууейм хуэдэ щыІэкъым

Владивосток кьыщыгъэІуахащ иджырей зэманым сыт и лъэныкъуэкІи езгъэ автомобилхэр щащІ завод.

Абы егъэщІылІа гуфІэгъуэ Іуэхухэм хэтащ УФ-м и Премьер-министр Путин Владимир. Правительствэм и Іэтащхьэм кьыхигъэбелджылыкІащ Урысейм и лэжьапІэ ІэнатІэхэм зэрызригъэубгъунур.

- Мыхьэнэшхуэ иІэщ ди деж щащІым зэпымыууэ хэгъэхъэуным, - жиІащ Путин Владимир. - ИтІанэ нэгъуэщІ кьэралхэм кьытшхэр нэхъ мащІэ хьунущ. Абы и закъуэкым: Іуэхущ Іапіэхэм лэжьапІэкІэ, апхуэдэу щыщІткІэ, улахуэ хьарзынэкІэ щІыхухэр кьызэрагъэпэщ».

Аргуэру хьунщІакІуэхэр

Сомалим и Іуфэхэм аргуэру я щхьэр кьыщаІэтащ тенджыз хьунщІакІуэхэм.

Абыхэм иджы дыдэ Инджылызым и кхъуэ я ябудащ, Урысейм и щІыхухэр ису. Мы зэманым ахэр бзаджащІэхэм кьыІэщІагъэкІыжьым екъуІа Іуэхухэр зэфІагъэкІ.



♦1922 гъэм Совтэхэм я 1 Союз зпсо съедэм кьыщызэрагъэпэщащ Совет Социалист Республикэхэм я Союзыр - СССР-р.

♦ПсэукІэм, экономикэм, щэнхабзэм икъукІэ зэрызригъэужьам папщІэ 1972 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Автоном Совет Социалист Республикэм кьратащ Лъэпкъхэм я Зэныбжьэгуугъэ орденыр.

♦Дыгъэ кьыщІэкІащ сыхьэти 7-рэ дакьикъэ 39-м, кьуэхьэжьнущ сыхьэт 16-рэ дакьикъэ 37-м.

♦Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэти 8-рэ дакьикъэ 58-рэ.

Дыгъэмэр зыгъэхьэзырыр
ШАЛ Мухьэмэд.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Уи тепІэн еплъи, уи лъэ укъуэдий.

Нэхъыфіхэр къыхах

Хэку зауэшхуэм ди къэралым Текіуэныгъэр къызэрыщихьрэ илъэс 65-рэ щрикъу махуэм теухуауэ музейхэм я урысейпсо зэхьэзэхуэ екІуэкІынущ. Иджыпсту щІыналъэ зэпеуэхэм я япэ Іыхьэм щІидзащ. Абы ипкъ икІэ зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэм я республикэ Советым кьызэригъэпэщащ комиссэм хэтхэм куейкэр кьызэхахІухь, зэхьэзэхуэм хэтыну музейхэм я Іуэху зытетым щыгъуэзэ зыхуащІын мурадкІэ.

ЯПЭ КЪЭПЩЫТЭНЫГЪЭХЭМ кьызэрагъэпытащ жмкІэ, ди *музей*-хэр *я* зэныкъуэщ Урысейм и адрей щІыналъэхэм кьыщагъэсэбэп иджырей Іэмэпсымэхэм. Кьэпщыт акІэхэр щыІащ Тэрч кьалэмрэ Курп Ипщэ дэт курыт еджапІэмрэ я *музей*хэм - ахэр урысейпсо зэпеуэм хэтынухэм ящыщщ. Мыбыхэм зэхуахьэсащ Хэку зауэшхуэмрэ Афган зауэмрэ хэкІуэда зауэлІхэм ятеухуа тхыгъэ гъэщІэгъуэнхэр, фэеплъ зэмылІэ ужьыгъуэхэр. Апхуэдэу комиссэм хэтхэр ирагъэплъащ Джылахьсэтэней щІыналъэм и *музей*хэм я тхыдэм теухуа видеофильмхэм. Тэрч районыр кьыщызэхакІухьым кьэпщытакІуэхэр кІуащ Дей, Инарыкъуэй жылагъуэхэм дэт *музей*хэми. Мыхэр зэхьэзэхуэм хэтынукъым, ауэ гульытэ зыхуэфащэ лэжьыгъэ купщІафІэхэр ирагъэкІуэкІ кьыдэкІуэтей щІэблэр хэкупсэу къэгъэхьуным ѣеуѣауэ. Комиссэм хэтхэм зэрыжаІэмкІэ, мыпхуэдэ *музей* кьэпщытэныгъэхэр кьызэрыщІэрэщІэжьым мыхьэнэ ин иІэщ ныбжьыщІэхэр гулъытэм, гущІэгъэм хуэущиинымкІэ, гъэсэныгъэ тэмэм яхэлъхьэнымкІэ.

ЖАНХЪУЭТ Зу зэ.

КъБР-м и Президентым и пощт

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Унафэщым и Интернет-хэщIапIэм (www.presidentkbr.ru) дыгъэгъазэм и 7-м къыщыщIэдзауэ и 21 пщIондэ щыхуи 121-м зыхуагъэзащ. Абыхъэм и нэхъыбэр, процент 24-р, проектхэмрэ Iуэху епIыкIи1хэмрэ теухуащ. Процент 20-р щыпIэхэм щекIуекI лэжьыгъэхэмкIэ арэзыкьым, процент 18-р псэупIэкIэ гугъу зэрехьым егъэпIейтей. Процент 12-р узышIагъэр хъумэным, процент 11-р ЖКХ-м, процент 6-р егъэджэныгъэм екъэлIащ, процентыр 5-р КъБР-м и Президентым фIыщIэ хуэзыщI тхыгъэр, процентыр 4-р лэжьапIэ гъыхъуэхэм кьабгъэдэкIащ.

ПРОХЛАДНЭкъалэм щыщ **Горбоконь Ольгэ** егъэпIейтей сабий гъэсапIэм хуэзэ пщIэр щаткIэ, абы и лейуэ банкми ахьшэ зэрыйихьм. КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министрым и гъэсапIэ **Абазэ Барэсбий** зэрыжиIамкIэ, министерствэмрэ Прохладнэ кьалэ округым и администрацIэмрэ я жэрдэмкIэ, комиссионнэу зыгъэпсыгъуэ щыт расчет-кассэ центрымкIэ адэзанэхэм пщIэр щату зэтеубгъэным и Iуэхум иджыпсту хопльэ.

Налшыкдэс**Хъэгъур Радимэ** къыбгъэдэкIыу Президентым и гъэсапIэм мыпхуэдэ тхыгъэ кьыIэрыхьащ: «Гу къабзэ-хэр» щIалэгъуалэ зэгуэныгъэм и цIэкIэ нызотх. КъБР-м ХьыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкlэ, жьыларыз зэгуэныгъэхэм ядэгъэкьныжьрэ щIалэгъуалэм и Iуэхухэмрэ, министерствэм и «Куначество» проектым, адыгэхэм я сабийхэр балъкъэр, балъкъэрхэм ейхэр адыгэ унагъуэхэм щагъэсэну кьыхалъхьам, республикэм и цIыху псори щыгуфIыкIащ. ЛъэпкъыитIыр зэшэлэным хуэунэтIауэ ар хэкIыпIэфIщ. Абыхъэм сабийхэр езыхъэм еIм щыгъуэ щапI, и щIэхабзэхэм хогъуагъэ. ИпэжьпIэкIэ дэ кьыдоГъэхъу пьытенчыгъэ зиIэ щIэблэ. Мы проектыр кьыхэзыгъэпэща псоми фIыщIэ яудощI. Абы папщIэ берычэт бесьин бжьыдоIэ».

Тэрч кьалэм щыщ **Балъкъэр Iэсият** республикэм и къабзагъэр зыхуэдэмрэ хабзэр зэрыщагъэзащIэмрэ тогуэвыхь. КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и япэ кIуэдзэ **Тхьэзэптыжь Мурат** кьыхэзыригъэлъэгуакIэ, Iэнатlэхэм я кIэрыхубжьэрыхуэхэр зэрыдащ, кьыхэзрагъэсэбэп щыкIэм хабзэ халъхьэн, щыIэ законодательствэм ирагъэзэгъэн ямрадкIэ, Дыкъэзыхъуреихь дунейр хъумэнымрэ щIыуэпсыр къэтхъэбзэпыжьыкIэ министерствэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пхъэнкIий идзыпIэхэм я Реестр игъэхъэзыращ. Муниципальэ щIыналъхэм я администрацIэхэм ираташ кIэрыхубжьэрыхуэхэр зэрызэхэдзыпхъэм, аэр кьыхэзрагъэсэбэпыпхъэм техуэхуэ чэнджэщхэр. Аруан муниципальэ районым етIанэтэ щауэхуэнуэ зы ильэсыбым, аэр щынагъыуэнщэ щIыным икIи щIэтIэным.

Къамылыкъуэ кьуаэжм и медицинэ лэжьакIуэхэм**Кьанокьуэ Арсен** фIыщIэ кьыхуащI. Президентым Дзэпкьуэ районым щыкIуам кьуаэжэ амбулаторэм щыщхэр дзэм щеIэзэ Iэмэпсымэ кьэщэхуэмыкIэ ядэIэпыкьуну кьелъэIуатI, ар яхуищащ. Дзэпкьуэ куейм и амбулаторэ щыщкIуэм автомашинэ иратащ. «ДыдзыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэр дэгъэкIыным жьыдэхэу уэрыхьэтым папщIэ фIыщIэ пхудощI», - кьатх абыхъэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президентымрэ Правительствэмрэ щIыхуэхэм зэрызыкъуагъэзэм щыхэплъэ я хэщIапIэм дыгъэгъазэм и 7-м кьыщыщIэдзауэ и 21 пщIондэ тхыгъи 141-рэ кьыIэрыхьащ. Абыхъэм ящыщу процент 25-р псэупIэм, процент 24-р ЖКХ-м, процент 23-р дэпIэпкьунытIэ хуэныкъуэхэм кьабгъэдэкIащ. Процент 16-р щыпIэхэм щалэжьхэмкIэ арэзыкьым, процентыр 4-р узышIагъэр хъумэнымрэ егъэджэныгъэмрэ теухуащ, проценти 3-р фIыщIэ тхыгъэщ, зы процентыр лэжьапIэ кьагъуэтынымкIэ ядэIэпыкьуну щIолъэIу.

КъБР-м и Президентым деж коррупцэм пэщIэтынымкIэ щыIэ 47-17-79; 47-32-56 телефонхэр мэхджаэ. Зи гугъу тщIы зэманым хэрифыбзу цIыху 34-рэ абыхъэмкIэ псэтхащ.

А линэм и фIыгъэкIэ лэжьыгъэмкIэ щыIэ Iэнатlэкъ кьыщэгъэпсыщынымкIэ Iуэхущапl эм «Троллейбус управленэ» МУП-м улахуэр зэрат хабзэхэр щыщIэпхащу кьыщIинагъэщащ. Абы и унафэщIым хуэтхъ тхыгъэм ипкъ иткIэ, предприятэм и лэжьакIуэхэм я улахуэр кьаиэ щымыIэу иратыжащ.

НЫР Залинэ,

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущапl эм и лэжьакIуэ.

Дыджэ Джульеттэ Хьэсэнбий и пхъур Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ Налшык кьалэм и суд участкэ №4-м зэзыгъэкIуэ и судьищIэу гъэувыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100 статьям и Iыхьэ 1-м и «и» пунктым, 117 статьям и Iыхьэ 3-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэкIуэ и судыщIэхэм я Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6 статьям я пкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым унафэ ещI:

1. Дыджэ Джульеттэ Хьэсэнбий и пхъур Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ Налшык кьалэм и суд участкэ №4-м зэзыгъэкIуэ и судыщIэу гъэувыным.

2. Мы Унафэм кьару егъуэт кьыщащта махуэм щегъэкIыжу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ **ЧЕЧЕНОВ Ануар**

Налшык кьалэ
2009 гъэм дыгъэгъазэм и 25-м
№228-П-П

КIэш Заремэ Анатолий и пхъур Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ Налшык кьалэм и суд участкэ №13-м зэзыгъэкIуэ и судыщIэу гъэувыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100 статьям и Iыхьэ 1-м и «и» пунктым, 117 статьям и Iыхьэ 3-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэкIуэ и судыщIэхэм я Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6 статьям я пкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым унафэ ещI:

1. КIэш Заремэ Анатолий и пхъур Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ Налшык кьалэм и суд участкэ №13-м зэзыгъэкIуэ и судыщIэу гъэувыным.

2. Мы Унафэм кьару егъуэт кьыщащта махуэм щегъэкIыжу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ **ЧЕЧЕНОВ Ануар**

Налшык кьалэ
2009 гъэм дыгъэгъазэм и 25-м
№229-П-П

Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

ЩIыхуэ щаткIэ, нэхъыжьхэм йочэнджэщ

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и япэ кIуэдзэ Тхьэзэптыжь Мурат иджыблагъэ иригъэкIуэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iыхьэ советым и зэIущIэ. Абы щытепсэлъыхьащ щыхуэхэм кредитхэр зэрыратым, банкоматхэр сату Iуэхущапl эхэмрэ предприятэхэмрэ зэрыщагъэувым.

«СВЯЗЬ-БАНК» ОАО-м и Къэбэрдей-Балъкъэр Iуэхущапl эм и унафэщI **Храмцов Николай** кьыщыпсалъэм кьыхиригъэщащ щIыхуэхэм кредит етыным пыщIа правовой Iуэхуэхэр зэтес дыдэу зэрыщымытыр икIи аэр гъэзэкIуэжьнымкIэ лэжьапIхъэу кьиныытхэр. Нобэ дыдыхэпIуэ социально-экономикэ Iуэхум политикэ мыхьэнэшхуи иIэщ, жиIащ къэпсалъэм, сыту жыпIэмэ ар дэтхэнэ зы щIыхуми и Iуэхуэхэр дзгъэкIыным пыщIащ. ЩIыхуэхэм кредитхэр етыным рес-публикэм и финанс Iуэхущапl эхэм я кьалэн нэхъыщIхьэхэм ящыщщ. А Iуэхуэхэм ядэIуэпсту банкэ 10 холъжьыхь. Нобэм ирихьэлIэу абыхъэм щIыху щхьэхуэхэм кредиту иратар сом меларди 7-м щIегъу.

Банкхэм розницэ кредитхэмкIэ зэфIэкIыщхуэ яIэ хуэщI. Къапщтэмэ, «Россельхозбанк» ОАО-м и Iуэхущапl эу республикэм щыIэм и Iэщагъэлъхэм щыIуэ зратыныгъэ конкурсхэ кьохьах. Апхуэдизкъэ дэж адми-нистрацIэхэм я Iэтащхьэхэм, хабзэхъуэмэ органхэм я лэжьакIуэхэм, кьуаэждэс нэхъыжьхэм йочэнджэщ.

КъБР-м и Лъэпкъ банкым и тхьэмадэм и япэ кIуэдзэ **Хорькин Юрий** зэрыжиIамкIэ, республикэм и банк Iэнатlэм зэкIэлъыкIуэ икIи тэмэму банк Iуэхутхьэбзэхэм зрегъэужь. КъБР-м щыпсэуэхэм ящыщу мин 213-м я улахуэхэр банкхэм я картэхэмкIэ кьыIах. А проектым тету зэгурыIуныгъэхэр ирагъэлIащ бюджет Iэнатlэм и предприятэхэмрэ организацэхэмрэ ящыщу мини 2-м нэблагъэм.

Республикэм псынщIэу щыхохъуэ банкоматхэмрэ терминалхэмрэ я бжыгъэмкIэ. Иджыпсту банкоматэ 153-рэ, электрон терминалу 264-рэ щыIэщи, абыхъэм ящыщу 114-р сату Iуэхущапl эхэм щагъэуващ.

«Россельхозбанк» ОАО-м и Iуэхущапl эу республикэм щыIэм и унафэщIым и кьуэдзэ **Лъых Заур** кьигъэлъэгуащ, банк картэхэр куэдым яIыгъ хьуа пэтми, ахъшэ Iэрылъхьэу зэрагъакIуэр абы нэрылъагъуэ зэримыгъэщIар. «Ди жагъуэ зэрыхъущи, щIыхуэхэм банк картэхэр ирищэхуэн папщIэ кьагъэсэбэпыркьым», - кьыхигъэщхьэхукIащ абы. Апхуэдэ картэхэмкIэ уаэз зыщIата хьэпшIыпхэмрэ Iуэхутхьэбзэхэмрэ зэрыкъур кьащэхуа псоми я процент 0,09-щ. Абы кьыхэкIыу кьэпсалъэм кьыхилъхьащ электрон терминалхэр сату Iуэхущапl эхэм-рэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм и Iуэхущапl эхэмрэ куэду кьыщызэIухыным елэжьын комиссэ кьыхэзрагъэпэщащ. А жэрдэмыр банк советым и зэIущIэм щыдащ-гъащ икIи абы 2010 гъэм и гъатхэпэ маэмм пыухыкIауэ тепсэлъыхьыну траухуащ.

КОНАКОВ Хьэсэн,

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущапl эм и лэжьакIуэ.

Ди газетым зэрытетащи, ильэс 30-кIэ егъэджакIуэу лэжьа, сабийхэм щIэныгъэ етрыным, гъэсэным зи гъащIэр тезыхуха, егъэджакIуэхэм папщIэ методикэ чэнджэщ зыбжанэ зи Iэдакъэ кьыщIэкIа Табыхьэ Хьэзрит Кьанщауэ и кьуэм и цIэр фIащащ Анзорей кьуажэ дэт 2-нэ курыт еджапIэм.

АБЫ щIЭЭХЭТА зэIущIэм кьрихьэлIащ «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Хъэфыщ Мусэ-хьэмэд,** «Эльбрус» тхыль тедзапIэм и унафэщI, КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ **Ацкан Руслан**, тхакIуэ **Жылэтэж Сэлэдин,** Лэскэн район администрацIэм и Iэтащхьэм и кьуэдзэ **Бажэ Дотий,** Хьэзрит и благъэхэр, Iыхьлыхэр, я лэжьэгъуэу, ныбжьэгъуэу щытахэр, егъэджакIуэхэр, школакIуэхэр.

Хьэпшэгъэ ирагъэблэгъащ Табыхьэу Хьэзрит и цIэр зэрихьэу школым кьыригъэIуаха, езым дерс щыригъэкIуэкIыу щыта классым. Абы щыIэхуэхьэсат Хьэзрит и Iэдакъэщ1экI псалъалъэхэр, 4-6-нэ классхэм изложенэ зэратх текстхэр, 4-нэ классхэм щэсхэм я бэзм зэрызегъэужьыпхъэ тхыгъэхэр зэрытхэр, и тхыгъэ зытет «Адыгэ псалъэ» газет номерхэр, Москва кьыщыдзкIэ журналхэм кьытехуахэр, и кьуажэм теухуауэ езым кьыдигъэкIа газетхэр.

КьыдэкIуэтэ щIэблэм щIэныгъэрэ гъэсэныгъэрэ яб-гъэдэлъхьэным хуэлажьэкъэ кьаэзэрыкъэжаныкIам папщIэ Крупскэм и цIэкIэ щыIэ медаль, и лэжьыгъэфIым папщIэ кьыхуагъэфэща «Ленин кьыззэрыльхурэ ильэси 100 ирокьу» медалыр щыIэныгъэмкIэ и министерствэм «ЕгъэджакIуэ-методист» цIэ льапIэр кьыззэрыфIащам щыхьэт техьэ тхыльхэр щыфIэдзат пэшым и блынхэм.

Адэкlэ зэIущIэр щекIуэкIыну пэщым хъущIэхэр ирагъэблэгъа нэужь, урысыбзэмрэ литературэмкIэ, географиемкIэ егъэджакIуэу я школым ильэс 30-кIэ щылэжьа Табыхьэу Хьэзрит и усэхэм ныбжьыщIэхэр ящеджащ.

Урысыбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэ, Хьэзрит и япэ еджакIуэхэм ящыщ Азэмэт Мализэ тепсэльыхьащ а ilы Iущым и гъащIэ гъуэгуанэм. КьыхэсгъэщIыкIа Хьэзрит кьуажэ дэдэу пIэр кьнуха нэужь, КъБКъУ-м филологиемкIэ и факультетым урысыбзэмрэ литературэмкIэ и кьудамэр кьыззэрихар, лэжьэн щIидза нэужь, Хетаугуровым и цIэр зезыхьэ Осетие Ищхьэрэ кьэрал университетым езыр кууу дэзыхьэхьэу щыта географием зэрыщыкьуеджар.

- Хьэзрит и дерсхэм еджакIуэу ущIэсхьуну, егъэджакIуэу ущIэсхьуну, егъэджакIуэу укIэпыплъынуи щIэщыгъуэт икIи удэзыхьэхт, - жиIащ Мализэ. - Абы щIэблэр хабзэмки хиугъасэрт, бзэри яригъащIэрт, фIым, дахаригъэм хуигъэIуущу ирригъэджэрт. НыбжьыщIэхэм щIэныгъэ зэрабгъэдилъхьэм кьыдэкIуэу, ар телэжьащ сабийхэми егъэджакIуэхэми кьахуэсбэгъэм тхыльхэр зэхэльхьэным, кьыдэгъэкIыным. ПщIэнщэ хуаекьым ар зыпэрыта лэжьыгъэр. Абы кьыхуагъэфэщащ медаль зэмылIэужьыгъуэхэр икIи цIэ льапIэхэр кьыфIащащ.

1996 гъэм Хьэзрит и унаГъуэр и гъусэу Налшык Iэнхьуащ. Абы щыгъуэми зэпиГъуэкьаем ди егъэджакIуэм и лэжьыгъэр, нужьрейуэ ар зи ужь итар фразеологие псалъалъэрэ.

Табыхьэу Хьэзрит и гъащIэр кьыззэрыщIэ, и бынхэр, абыхэм кьалъхужакэр зэрыстэ сурэтхэр экранкIэ кьагъэIуэтыжьагъуэу зэгъэзэхуэрэ щагъэгъэгъуэзащ и лэжьыгъэм кьыщдэкIуэу унагъуэ дахэ, быныфI зэрIам, и фэеплым пщIэ хуэзыщI кьуэрылъхуэ пхъурылъхуэ щыкIуэхэм я екъулIэныгъэхэм.

Адэкlэ псалъэ зрата кьуажэдэс нэхъыжьыфI, зи щIалэгъуэхэм чэнджэщгъуэфI яхуэхьу Табыхьэ Уардэщыкьуэ кьызэхуэсахэм фIыщIэ яхуищащ икIи жиIащ Хьэзрит и пIэхэм зэпымыуэ щыIэныр кьызэгъэпэщынымкIэ;

мафIэс кьэхъунымкIэ шынагъуэ зыпылъ Iэмэпсымэу Илъэсыщ1эмрэ Хьэзрэ кьыщыдалъхьэмрэ ехьэлIа гуфIэгъуэхэм кьыщагъэсэбэпынкIэ хъунуэр зэрызэрахьэ щыкIэм, цIыхубэ хьыбарегъащIэ Iуэхущапl эм и щыпсэ щыIуэ щыгъуазэ ищIыну.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Хэшыпсэр хъумэнымкIэ и министерствэм хэгъэуцыбгъэ Хьэзрэ кьыщыдалъхьамрэ ехьэлIа-гъуэ цIыху куэд хэту кьызэрагъэпэщыну нэгуэныжь Iуэхуэхэр щагъэкIуэкIыну щыпIэхэм зэрыщыгъуэ щыIэныр кьызэригъэпэщыну;

мафIэс кьэхъунымкIэ шынагъуэ зыпылъ Iэмэпсымэу Илъэсыщ1эмрэ Хьэзрэ кьыщыдалъхьамрэ ехьэлIа гуфIэгъуэхэм кьыщагъэсэбэпынкIэ хъунуэр зэрызэрахьэ щыкIэм, цIыхубэ хьыбарегъащIэ Iуэхущапl эм и щыпсэ щыIуэ кьызэригъэпэщыну;

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Хэшыпсэр хъумэнымкIэ и министерствэм хэгъэуцыбгъэ Хьэзрэ кьыщыдалъхьамрэ ехьэлIа-гъуэ цIыху куэд хэту кьызэрагъэпэщыну нэгуэныжь Iуэхуэхэр щагъэкIуэкIыну щыпIэхэм зэрыщыгъуэ щыIэныр кьызэригъэпэщыну;

4. Щыпсэ щыIуэ щыгъуазэ ищIыну, цIыхубэ хьыбарегъащIэ Iуэхущапl эм и щыпсэ щыIуэ кьызэригъэпэщыну;

5. Щхьэзакъуэ хьэрычэт лэжьакIуэхэмрэ юридическэ Iэнатlэхэмрэ чэнджэщ етын:

унэхэр зэрагъэпIа хьэкуэхэр кьагъэсэбэпынымкIэ жэуап зыхь цIыхуэр, гуфIэгъуэ даузэдащэхэр егъэкIуэкIыным хэт лэжьакIуэхэр мафIэс кьэмыгъэхьэунымкIэ ялажьыпхъэхэм щыгъуазэ ищIыну;

унэхэр, уэуэныгъэхэр, абыхъэм я щIэныгъэ зэрагъэункIыфI Iэмэпсымэхэмрэ псыкIэ кьызэрагъэпэщыну;

унэхэр зэрагъэпIа хьэкуэхэм, уэнжакъэхэм, электроIэмэпсымэхэм, электрооаппаратхэм (ахэр зэрагъэункIыфIхэм), зэрагъэпIа Iэмэпсымэхэм я щыпкIэр кьапщытэну;

цIыху куэд щыхэхуэсыну щынагъуэ кьыщыхъуам и деж псынщIэу кьыщIэкIын папщIэ кьагъэсэбэпыну бжэхэр хьэзыру щагъэтыну (абыхъэм я гъунэгъуэ хьэпшыт лейхэр щамыгъэувыну, бжэхэр IуамыукIэну);

гуфIэгъуэ даузэдащэхэр щрагъэкIуэкI лъэхъэнэм дэтхэнэ Iуэхущапl эм мафIэс кьэмыгъэхьэунымкIэ хабзэхэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыну щыIуэхэр зыхуэфащэ унафэхэм япкъ иткIэ ягъэувыну.

6. Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ министерствэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм чэнджэщ етын Илъэсыщ1эмрэ Хьэзрэ кьыщыдалъхьамрэ ехьэлIа нэгуэныжь Iуэхуэхэр щагъэкIуэкIыну щыпIэхэм, абыхъэм я щIэныгъэ зэрагъэункIыфI зыпылъ Iэмэпсымэхэм я щыпкIэр щыIэныр.

Министерствэр апхуэдизкъэ гъэсэныгъэ Тамбуковскэ гуэлэр хъумэным, абы хэзыгъэ псыр нэхъ мащIэ щыIным пыщIа Iуэхуэхэм.

ХЬЭМДЭХЪУ Сурен.



Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элиз** *трихащ.*

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и япэ кIуэдзэ Тхьэзэптыжь Мурат дыгъэгъазэм и 25-м зэIущIэ гуапэ иригъэкIуэкIащ. Абы дипломхэр щратыжащ УФ-м и лэжьапIэ Iэнатlэ зэхуэмыдэхэм щыхьэхуэ Iащащ. Абы щытепсэлъыхьащ Президентым и программэм тету 2008-2009 гъэ еджагъуэр кьэзыуа ныбжьыщIу 8-м.

- УНАФЭЩI лэжьакIуэхэр гъэхъэзырыным теухуауэ кьэралым кьалэн кьытщIар гъэзэщIэным тещIыхьа зи чэзу еджэгъуэ илъэсыр нухащи, абыкIэ сынывохъуэхъу, - жиIащ Iуэхущ **Жаж Мурат** кьыхэкIуэ къыщыгъэIуихьащ. - Диму-радыр зи Iэщ1агъэм фIыуэ хэзыщIыкI менеджерэр дгъэхъэзырынырц.

Нобэ дипломхэр зэгтыжьнухэм я щIэныгъэм щыхагъэхъуащ УФ-м и Правительствэм деж щыIэ ЩIыхуэ хозяйствэмкIэ академием. Апхуэдизкъэ кьэралым и еджапIэ иэхъыщIхьэу 5-м - УФ-м и Правительствэм деж щыIэ Финансхэмкlэ академием, Плехановым и Щ1ыхуэ зэщащ экономикэмкIэ академием, Санкт-Петербургэ экономикэмрэ финансхэмкIэ и кьэрал университетым, а кьалэм щыIэ инженер-экономикэ университетым нэхъапIуэкIу ди Iэщ1агъэлIхэр дгъэкIуэщ. Абыхъэм дипломхэр мы пэшым щеттыжащ.

2008-2009 гъэ еджагъуэр кьэзыуахэм хуэунэгъэ, гуущI щIуугъэнэм, промышленностым, узышIагъэр хъумэным, мэкъумэшым, энергетикэм, ерыскъы промышленностым, Iуэхуэхъэбзэ щIэкIэм, туризмэм, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм, транспортым, сатум я Iэнатlэхэм я зехьэкIэм зыхагъэгъуэзащ, - жиIащ Тхьэзэптыжьым.

Мы Iуэхуэр кьызэрыхалъхьэ дъандэрэр бдзкIа ильэс 12-м Къэбэрдей-Балъкъэрыр абы я щыжьэру хэтщ. Иджыпсту менеджер-унафэщIу 200-м щIигъу ягъэхьэзыращ. «Экономикэмрэ предприятэм и зехьэкIэмрэ», «Социальнэ Iэнатlэхэм я менеджмент» зи гугъу тIыныгъэхэм тету сыхьэт 550-600-кIэ зызыгъэхъэзырахэм Германием, Данием, Норвегием, Италием, Голландием, Финляндием, Японием, США-м, Франдзыкъ я предприятэ нэхъыйфIэм я щIэныгъэм щыхагъэхъуэну Iэмал яIэщ. Проектым программэр кьызэрыхалъхьэ лъандэрэ республикэ бюджетым щыщу сом мелуани 7-м щигъу а Iуэху хуахащ.

- Социальнэ Iэнатlэхэр егъэфIэкIуэныр республикэм и зыужьныгъэм и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщ. А Iуэхум унафэщI лэжьакIуэхэр дегугъуу хуэдгъэхьэзырынуц, «УзышIагъэ», «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектхэр гъэзэщIэным жьыдэхэр пытщIэну, - кьыхигъэщащ экономикэ зы зыужьныгъэмрэ сатумкIэ министр **Мусуков Алий**. - «УзышIагъэр хъумэнымкIэ менеджмент» программэмкIэ фокIадэ маэзм цIыхуипII кьыхэтхри, Санкт-Петербургэ кьэрал университетым щедгъэджащ, зи Iуэху кьыдэзыхьыжыну хуейхэми сыткIи защIэдгъэкъуэнущ.

Президент программэр кьэзыуахэм я щIэкIэ зэIущIэм кьыщыпсэльащ: «Налшыкхуабэжьергэ ОАО-м и бухгалтер нэхъыщIхьэ **Безвинкова Ириндэ** «Налкат» ООО-м и бухгалтер нэхъыщIхьэ и Iуэхудэ **Козлов Юлиер** . УнафэщI дзжьакIуэр гъэхъэзырыным, Iэщ1агъэлIхэм я щIэныгъэм зэгъэхуэным зэрегугъуэм папщIэ, пэхущIэхэм я Президентымрэ Правительствэмрэ я япэкIэ щIэныгъэхэр зэрегъэужьыным теухуауэ щIалэгъуалэм яIэ Iуэхуэ епIыкIи1хэмрэ я мурад дахэхэмрэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

ТехникэкIэ зыщIэрагъэпэщ

Прохладнэ муниципальнэ куейм щыхэхуэкIуащ автобусыщIэу, автотранспорт псынщIэу, техникэ хэхуэу сом мелуани 10-м щIигъу и уасэ. Аэр республикэ, федеральнэ бюджетхэм я къэкъкIэ къащIэхуащ.

«ПАЗ» автобуситIри «Прохладнэ куейм щыIуэхэр кьыщIэзыщэкI» ООО-м и автопаркым иратынущ. Мы зэмай гъунэгъум иджыри «Волжанин»-м хуэдэу щы яIэ-рыхьэнущ, Альтуд, Къэрэгъэщ, Прималкинкэ, Заречнэ, Благовещенскэ кьуажэхэм, Приблизнэ станциэм я амбулаторэхэм «Жигули» автомашинитIрэ «Нива»-м хуэдэу пIыпIэ иратынущ. Районым и псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм щагъэтракторитIрэ ирагъэбыдыIэнущ.

ЛУПЫРЕВЭ Ириндэ.

ЗэщIыгъуу щэбэт щIыхьэку ирагъэкIуэкIынущ

ЗэПъУНэГъУ щыналъитIым - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ Ставрополь краймрэ - дыкъэзыхуэрейх дуейр хъумэныным щIыуэпсыр къэгъэсэбэпынымкIэ и министерствэ Гъэзиев Бертрэ Батурин Анатолийрэ иджыблагъэ щызэхуэзащ Ставрополь краймрэ и Кировскэ районым и администрацIэм и Iэтащхьэ Лукин Владимир лъэIукIэ зыхуигъэзащ икIащIыпIэкIэ зыхуэфащэ лэжьыгъэхэр иригъэкIуэкIыну.

Министерствэр апхуэдизкъэ гъэсэныгъэ Тамбуковскэ гуэлэр хъумэным, абы хэзыгъэ псыр нэхъ мащIэ щыIным пыщIа Iуэхуэхэм.

ХЬЭМДЭХЪУ Сурен.

Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

ЩIалэгъуалэ зэчиифIэхэр трагъэгушхуэ

600-кIэ зызыгъэхъэзырахэм Германием, Данием, Норвегием, Италием, Голландием, Финляндием, Японием, США-м, Франдзыкъ я предприятэ нэхъыйфIэм я щIэныгъэм щыхагъэхъуэну Iэмал яIэщ. Проектым программэр кьызэрыхалъхьэ лъандэрэ республикэ бюджетым щыщу сом мелуани 7-м щигъу а Iуэху хуахащ.

- Социальнэ Iэнатlэхэр егъэфIэкIуэныр республикэм и зыужьныгъэм и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщ. А Iуэхум унафэщI лэжьакIуэхэр дегугъуу хуэдгъэхьэзырынущ, «УзышIагъэ», «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектхэр гъэзэщIэным жьыдэхэр пытщIэну, - кьыхигъэщащ экономикэ зы зыужьныгъэмрэ сатумкIэ министр **Мусуков Алий**. - «УзышIагъэр хъумэнымкIэ менеджмент» программэмкIэ фокIадэ маэзм щIыхуипII кьыхэтхри, Санкт-Петербургэ кьэрал университетым щедгъэджащ, зи Iуэху кьыдэзыхьыжыну хуейхэми сыткIи защIэдгъэкъуэнущ.

Президент программэр кьэзыуахэм я щIэкIэ зэIущIэм кьыщыпсэльащ: «Налшыкхуабэжьергэ ОАО-м и бухгалтер нэхъыщIхьэ **Безвинкова Ириндэ** «Налкат» ООО-м и бухгалтер нэхъыщIхьэ и Iуэхудэ **Козлов Юлиер** . УнафэщI дзжьакIуэр гъэхъэзырыным, Iэщ1агъэлIхэм я щIэныгъэм зэгъэхуэным зэрегугъуэм папщIэ, пэхущIэхэм я Президентымрэ Правительствэмрэ я япэкIэ щIэныгъэхэр зэрегъэужьыным теухуауэ щIалэгъуалэм яIэ Iуэхуэ епIыкIи1хэмрэ я мурад дахэхэмрэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

ТехникэкIэ зыщIэрагъэпэщ

Прохладнэ муниципальнэ куейм щыхэхуэкIуащ автобусыщIэу, автотранспорт псынщIэу, техникэ хэхуэу сом мелуани 10-м щIигъу и уасэ. Аэр республикэ, федеральнэ бюджетхэм я къэкъкIэ къащIэхуащ.

«ПАЗ» автобуситIри «Прохладнэ куейм щыIуэхэр кьыщIэзыщэкI» ООО-м и автопаркым иратынущ. Мы зэмай гъунэгъум иджыри «Волжанин»-м хуэдэу щы яIэ-рыхьэнущ, Альтуд, Къэрэгъэщ, Прималкинкэ, Заречнэ, Благовещенскэ кьуажэхэм, Приблизнэ станциэм я амбулаторэхэм «Жигули» автомашинитIрэ «Нива»-м хуэдэу пIыпIэ иратынущ. Районым и псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм щагъэтракторитIрэ ирагъэбыдыIэнущ.

ЛУПЫРЕВЭ Ириндэ.

Щеджэ псори абы хуэдэу цIыху щыпкъэ ирехъу

Ящымыгъупщэн папщIэ

Ди газетым зэрытетащи, ильэс 30-кIэ егъэджакIуэу лэжьа, сабийхэм щIэныгъэ етрыным, гъэсэным зи гъащIэр тезыхуха, егъэджакIуэхэм папщIэ методикэ чэнджэщ зыбжанэ зи Iэдакъэ кьыщIэкIа Табыхьэ Хьэзрит Кьанщауэ и кьуэм и цIэр фIащащ Анзорей кьуажэ дэт 2-нэ курыт еджапIэм.

АБЫ щIЭЭХЭТА зэIущIэм кьрихьэлIащ «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Хъэфыщ Мусэ-хьэмэд,** «Эльбрус» тхыль тедзапIэм и унафэщI, КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ **Ацкан Руслан**, тхакIуэ **Жылэтэж Сэлэдин,** Лэскэн район администрацIэм и Iэтащхьэм и кьуэдзэ **Бажэ Дотий,** Хьэзрит и благъэхэр, Iыхьлыхэр, я лэжьэгъуэу, ныбжьэгъуэу щытахэр, егъэджакIуэхэр, школакIуэхэр.

Хьэпшэгъэ ирагъэблэгъащ Табыхьэу Хьэзрит и цIэр зэрихьэу школым кьыригъэIуаха, езым дерс щыригъэкIуэкIыу щыта классым. Абы щыIэхуэхьэсат Хьэзрит и Iэдакъэщ1экI псалъалъэхэр, 4-6-нэ классхэм изложенэ зэратх текстхэр, 4-нэ классхэм щэсхэм я бэзм зэрызегъэужьыпхъэ тхыгъэхэр зэрытхэр, и тхыгъэ зытет «Адыгэ псалъэ» газет номерхэр, Москва кьыщыдзкIэ журналхэм кьытехуахэр, и кьуажэм теухуауэ езым кьыдигъэкIа газетхэр.

КьыдэкIуэтэ щIэблэм щIэныгъэрэ гъэсэныгъэрэ яб-гъэдэлъхьэным хуэлажьэкъэ кьаэзэрыкъэжаныкIам папщIэ Крупскэм и цIэкIэ щыIэ медаль, и лэжьыгъэфIым папщIэ кьыхуагъэфэща «Ленин кьыззэрыльхурэ ильэси 100 ирокьу» медалыр щыIэныгъэмкIэ и министерствэм «ЕгъэджакIуэ-методист» цIэ льапIэр кьыззэрыфIащам щыхьэт техьэ тхыльхэр щыфIэдзат пэшым и блынхэм.

Адэкlэ зэIущIэр щекIуэкIыну пэщым хъущIэхэр ирагъэблэгъа нэужь, урысыб

Исламым и нэр

●23-32-нэ Іэятхэр

КъурІэным и купщІэр

(КІэлыкІуэр. ПэщІэдзэр №№204, 221-хэм итщ).

23. Аль-МуІ мин (МыІуминхэр). «ФІэщхъыныгъэм и сурэкІэ» уеджэ хъунущ, Иманым и Іыгъ Іэнэхъыщхьэ дыдэхэм теухуащи. Абы-хэм кІагъэуэ мыхъумыщІагъэхэм защыддзеипхъэу, Тхъэм хьэлэлу дыхъуэлэжьапхъэу, нэмэзхэр дегугъуу щІыпхъэу, бегьымбархэу Нухь, Муса, Хьиса, нэгъуэщхэмя щапхъэм дытету, Іуэхуфіхэр дІэжьыпхъэу, Алыхьым дыдыхуиущийхэр дгъэзащІэуэр, Іиманымрэ щІыхуфІагьымрэ ди щІэгъэкъуэну дыпсэуну.

24. Ан-Нур(Нурыр) Сурэм кІыхьоу щІыху гъащІэм и дежкІэ хьэл-щэныфІым, хабзэ-бзыпхъэ тельыдджэхэм, Тхъэм иубзыхуахэм, мыхьэнэшхэу зэрагъэр. Къэбгъэльагъуэмэ, зэщхьэгъуэсхэм ягъуэр зэхуэкІабзэу щыпыпхъэщ, щІыпупсхэм, фыгъуэижэ зыхэлъхэм яхуэмыгъэпудын хуэдэу. ЦІыхУ ІейкІэ хуэзэщэлъынкІэ гуэнныхыщ. КІыфІымрэ нэхумрэ я дамыгъэхэм, мусльымэным и щыгъын-лъыгъынымрэ зыхуэдапхъэм, нэгъуэщІ кІалэнхэми даэзрыхуэщІыпхъэм дыхуеуэзэщІ сурэм, Тхъэм дыхуэзэщІ гьуэгу захуэм дыкъытезышинкІэ хъунту щыуагъэхэр кІыхтхуиГъэнаІуэурэ.

25. Аль-Фуркъан (ЗэхэзыгъэкІыр). КъурІэныр уи дзэІэпыкъуэгъуу фІымрэ Іейм-рэ зэрыІэхэбгъэкІынур, а Іэмащ тельыджэр кІэзымыгъэсэбэпхэм кІэтехуэну тезырыр, кІыфІымрэ нэхумрэ, жэщымрэ махуэмрэ, гъащІэмрэ ажалымрэ зэрызэпещІэтыр, Алыхьым кІыгъэщІа псори дызэрызэхуущІыпхъэр, Абы и Іуэжьхэм щІэзэрахуущІыхьэр кІыщыгъэпэчуащ.

26. Аш-Шу хьара (УсакІуэхэр). Сурэм дыхэгъэгъуазэ пасэрей бегьымбархэм я тхыдэм, щыхум и зыужьныгъэм, ар обществэм быдзу зэрыпыщІам, языныкъуэхэм щІыхушхуэхэм я псэукІам, мажусийхэр Мухьэмэд бегьымбарым зэрыхуэпсэльам, ар усакІуэ къудейуэ ягъэІуну зэрыхэтам. Сурэм къыщыдощІэ Муса бегьымбарымрэ Фирхьэунрэ я зэхуущытыкІахэр, тепщэгъуэр зыІэщІэлъыр бегьымбарым и ажалым зэрыльыхъуар, ауэ езыр, Фирхьэунырэ, тенджызым зэрыщІилъэфар, Иорэхымрэ, Нухь, Хьуд, Щалихь, ЛутІ, Шухьиб сымэ я лъэпкъэм яІэщІэкІа щыуагъэхэр, къатехуа тезырхэр. Мухьэмэд бегьымбарымрэ мазусийхэмрэ я зэныкъуэкъуныгъэхэр, хьыбар нэщІхэм Тхъэм и Пэжыр зэратекІуэр.

27. Ан-Намль (ХъумпІэщІэджьр). Сурэр къэхъугъэ тельыджэ куэдым топсэлъыхь. Абыхэм я куэрых гупсысэщІ Алыхьым зэризакъуэр, АбыДнеІэхэр къыхэригъэщІар, ФІыщІагъэ лъапІэхэри дахэрэри зэрыгъэжьыр, Муса, Сулеймэн, Сабэ пащтыхь гуащэм, Щалихь, ЛутІ бегьымбархэм ятелъа гуГъуехьхэр, я Іьэпкъхэм къатехуа тезырхэр, КъурІэныр зэрыгъэзэджыр, Іиман быдэ иІэну, Тхъэм хуэлэжьэну дэтхэнэ зы щІыхуми зэрифарэр.

